# eCLEraj

YON INISYATIV
Centre Haitien du Leadership et de l’Excellence

Inisyativ rechèch sa a pèmèt moun tout kote, ayisyen kap viv isit kou lòtbò dlo, patisipe nan poze kesyon epi chache repons sou yon seri sijè ki enpòtan pou yo.

Se yon aktivite rechèch patisipatif, sa vle di piblik la pa sèlman reponn kesyon, men patisipe tou nan chwazi ki kesyon ki pou poze, nan jwenn repons yo ak analize rezita yo.

# Fasilite jèn fè biznis

## Nivo patisipasyon

301

PATISIPAN

63,8%

36,2%

# Fasilite jèn fè biznis

## Enterè moun yo pou Biznis




Sou chak 10 moun ki reponn ankèt la, plis pase 7 lan yo ta renmen genyen yon biznis. Anviwon 21% gentan gen biznis epi, pi piti pase 1% moun di yo pa enterese nan fè biznis.

# Fasilite jèn fè biznis

## Sektè ki gen plis opòtinite




Pou anpil moun se sektè komès la ki gen plis opòtinite pou ou ta monte yon biznis an Ayiti. Agrikilti ak teknoloji, se de lòt sektè yo wè ki gen potansyèl

# Fasilite jèn fè biznis

## Ki pi gwo bagay ki anpeche jèn yo antreprann




Dapre rapò “Doing Business 2018” Ayiti se 189èm peyi sou 190 nan fasilite moun kòmanse yon biznis. Daprè done nou rekeyi yo se paske pa gen finansman ki lakòz sa.

# Fasilite jèn fè biznis

## Kisa ki afekte biznis jèn yo lè yo finn lanse?




Ensekirite, aksè ak mache yo epi fon woulman se 3 bagay sa yo ki plis lakòz anpil biznis an Ayiti paka finn pran jarèt.

# Fasilite jèn fè biznis

# Finansman Biznis




Majorite moun kap fè biznis an Ayiti prefere kòmanse ak sa yo genyen an olye ke yal prete kòb nan yon enstitisyon finansye.

# Fasilite jèn fè biznis

## Finansman Biznis

POUKISA AKSÈ AK KREDI DIFISIL KONSA AN AYITI




To enterè ke enstitisyon finansye yo mete sou kredi fè anpil jèn pa vle al mande prete kòb labank pou yo fè biznis

# Fasilite jèn fè biznis

## Zouti pou ankouraje biznis




Sou 301 patisipan yo 48.5% panse ke jèn yo dwe travay anpil sou maketin pou fè antrepriz yo pran jarèt.

# Fasilite jèn fè biznis

## Zouti pou ankouraje biznis

**Ki bagay ki pi enpòtan leta ka fè pou ankouraje jèn fè biznis**




Pou ankouraje jèn fè biznis an Ayiti 65.78% patisipan yo panse leta ta dwe fasilite aksè ak kredi ak yon to ki favorab.

CLE

CENTRE HAITIEN DU LEADERSHIP ET DE L'EXCELLENCE